*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№149 (26601)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 19 август – майрæмы мæйы 19 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ПАРТИОН АРХАЙД
*Ног адæмон программæйыл кусынц*
3 ЦАРДЫ ФÆЗИЛÆНТÆ
*Балц – фыдыуæзæгмæ*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Уæззау атлетикæ*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

Æмбырд

## Социалон æмæ фæллойадон ахастдзинæдтæ

**Социалон-фæллойадон ахастдзинæдтæ нывыл кæнынады Æртæфарсон къамисы æмбырд сарæзта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис. Ныхас дзы цыд кусджыты бартæ бахъахъхъæныны мадзæлттæ фæуæрæхдæр æмæ фæкарздæр кæнын æмæ регионы хæрзвадат æмæ æдас куысты уавæртæ саразыныл.**

Æмбырды фæндон рахастой, республикон профцæдисты иугонд, куысты бынæттæ дæттæн иугонд æмæ РЦИ-Аланийы Хицауады 'хсæн æртæвæрсон бадзырды ног проект саразыны тыххæй. Ныры бадзырды архайды æмгъуыд ацы аз кæронмæ фæхæццæ кæны æмæ, цы ног документыл бакуыстой, уый æххæстгонд цæудзæн 2027-2029 азты.

– Уый у, æппæт хъæугæ къабæзтæ æвдыст кæм æрцыдысты, ахæм сæйраг документ. Уæлдай æргом аздахын хъæуы фæсивæды бæгъдауæндзинад æмæ куысты бынæттæм, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ, йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уыцы адæммæ. Мах иууылдæр æмбарæм ацы фарстайы ахсджиагдзинад, – бахахх кодта Дзанайты Барис.

Фæллойадон закъонад æмæ куысты уавæртæм цæстдард Цæгат Ирыстоны æххæст кæны РЦИ-Аланийы Фæллойы паддзахадон инспекци. Ведомствæйы разамонæг



**Берозты Тамерлан** радзырдта, кусджыты бартæ бахъахъхъæныны тыххæй цы куыст цæуы, уый тыххæй. Бæлвырдæй та ныхас цыд, куыстуæтты цы фыдбылызтæ 'рцæуы, æмæ уыдонæй кусджыты бахизыны мадзæлттыл.

Хицауады Сæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ам æнæмæнгæй хъæуы баиргъæвæн куыст кæнын, уыимæ, æмбарынгæнæн куыст, куысты бынæттæ чи дæтты, уыдонимæ. Ноджы ма æркæсын хъæуы, 50 азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, уыдоны архайды фæзуæттæм, ногæй профессион дæсныйад райсын, æмæ йæ дæсныдзинад фæбæрзонддæр кæныны программæты бындурыл, уыимæ, цифрон технологитæй пайда кæнын дæр.

– Нæ республикæйы цæрджытæ, стыр профессион фæлтæрддзинад кæмæ ис, уыдон хъуамæ сæ фæлтæрддзинадæй хай кæной æмæ регионы рæзтæн алы къабæзты ахъаз кæной, – фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

Æмбырды ма æркастысты, хæстон архайджыты – сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæн куысты бынæттæ раттыны фарстамæ. Ныхас цыд Социалон-фæллойадон ахастдзинæдтæ нывыл кæнынады уæрæсейаг æртæвæрсон къамисы фæдзæхстытæй царды спайда кæныныл куыстмæ райсыны рæстæг, фыццаг куысты рæстæг сæм цæст фæдарын, социалон фарстатæ æмæ профессион рæзты тыххæй.

Федералон фæдзæхстыты тыххæй æмбырды радзырдта Цæгат Ирыстоны фæллой æмæ социалон рæзты министры хæдивæг **Торчынты Эльвирæ**. Уыдон æххуыс сты куыстдæттæг адæмæн, куыстмæ райсын æмæ профессион рæзты фарстатæ лыггæнгæйæ.

– Къамис цы фарстатæ сбæрæг кодта, уыдон иууылдæр арæзт сты республикæйы цæрджыты хæрзвадат цард æмæ куысты бынæттæ ссарынмæ. Æнæмæнгæй, пайда кæнын хъæуы федералон фæдзæхстытæй. Сæйрагдæр у нæ тыхтæ æрбаиу кæнын æмæ æххуыс кæнын республикæйы цæрджытæн, уыдонимæ – сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн дæр. Уый у, республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** цы ахсджиаг лыггæнинаг фарстатæ сбæрæг кодта, уыдонæй иу. Ацы процессы хъуамæ архайой профцæдистæ дæр. Ноджы ма сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн сæхицæн æмбарын кæнын хъæуы, цавæр æххуыс у сæ бон райсын, уый, – бахахх кодта Дзанайты Барис.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Фæрæстæ

## Электрон тыхæй ифтонгад

**Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг Атараты Георги кæй сарæзта, уыцы 'мбырды архайджытæ: Æргъты регионалон службæйы, Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад æмæ Арæзтады министрадты разамонджытæ, стæй районты сæргълæууджытæ æрныхас кодтой, территориты æцæг домæнтæ нымайгæйæ, электрон тыхæй ифтонгады инвестицион программæмæ срастгæнинæгтæ бахæссыны хъуыддагыл.**

**Атары-фырт районты сæргълæууджытæн бахæс кодта дзырддаг бынæтты æмæ электрон тыхуадзæн хызтыл фидæны æрæнцаинаг уæзты тыххæй ахсджиаг хабæрттæ цыбыр рæстæгмæ бавдисын. Ацы хъуыддаг баххæст кæнын хъæуы ног арæзтады тæлмыты электрон тыхуадзæн хызтæ фæтыхджын кæнын æмæ баихсийæг инфраструктурæ сног кæнынæн. Ацы хъусынгæнинаджы фæрцы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрад æмæ Æргъты регионалон службæ ногæй æрныхас кæндзысты 'хцайæ ифтонгады фыццаградон нысантыл (бюджетон фæрæстæ æппæтæй ахсджиагдæр хъуыддæгтыл хардзгонд куыд цæуой, афтæ).**

## Артаджы æргътæм – цæстдард

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ бардзырдмæ гæсгæ, Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады ацыд артагæвгæнæн станцæты минæвæрттимæ æмбырд.**

Фембæлды архайджытæ æрныхас кодтой артаджы æргътæм цæстдарды æмæ республикæ артагæй æнæкъуылымпыйæ ифтонг кæныны фарстатыл. Ныртæккæ артаджы æргътæ Цæгат Ирыстоны цæхгæр нæ ивынц. Ацы бæрæггæнæнæй нæ регион хауы Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты 'хсæн нывыл æргътимæ регионты номхыгъдмæ.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады иумæйаг информацион хыгъдон центры специалисттæ кæуыл бакуыстой, æмбырды архайджытæ уыцы уæлæфтуан «РЦИ-Аланийы артагæвгæнæн станцæтæ»-йы куыстыл дæр æрныхас кодтой. Ацы проектмæ гæсгæ, артагæвгæнæн станцæтæй уæлæфтуанмæ кæй æрвитдзысты, картæ уыцы бæрæггæнæнтæ æвæстиатæй æвдисдзæн. Артаг ис æви нæй, уый тыххæй хабар артагæвгæнæн станцæты кусджытæ кæй æрвитдзысты, уый фæрцы уыдзæн алы станцæйы уавæрмæ дæр цæст комкоммæ уагæй дарыны фадат.

– Æрвылбон хабæрттæ цыбыр рæстæгмæ æмбырд кæныны фадат цæмæй уа, уый тыххæй нæ министрад артагæвгæнæн станцæтæн техникон æмæ æндæр фарстатæ лыг кæныны хъуыддаджы æххуыс кæндзæн. Ахæм уагæй кусгæйæ, махæн уыдзæн артаджы базары уавæрмæ афоныл цæст дарыны, цыбыр рæстæгмæ ивддзинæдтæ рахатыны, стæй артаг артагæвгæнæн станцæты ис æви нæй, уый тыххæй хабæрттæ республикæйы адæмæн хъусын кæныны фадат, – зæгъы регионы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министры фыццаг хæдивæг **Бокоты Витали.**

**Нæ уацхæссæг**

Æххуыс

## Медицинон бирæфадатджын центрæй

**Цæгат Кавказы медицинон бирæфадатджын центр ныртæккæ у бæрзондтехнологион æххуысы раззагдæр кусæнуат. Ифтонггонд у нырыккон аппараттæй, хорз цæттæдзинадимæ специалисттæй.**

Ацы азы авд мæймæ центры хъæугæ æххуыс, уыимæ, бæрзонд технологитыл æнцайæг æххуыс райстой æхсæз мин рынчыны онг. Дохтыртæ сæ размæ æвæрынц – низ комкоммæ рахатын æмæ æххуыс афойнадыл бакæныны хæс. Ам сæхи дзæбæх кæнынц æппæт Цæгат Кавказы федералон зылды цæрæг адæмтæ. «Сæ фылдæр сты Цæгат Ирыстоны цæрджытæ», – зæгъы Цæгат Кавказы медицинон бирæфадатджын центры директор **Михаил Суханов**.

Уæрæсейы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры хæдивæг **Евгений Камкин** куыд радзырдта, афтæмæй федералон медицинон центртæ сты уæлдæр зонындзинæдты, арæхстдзинæдты центртæ, кæнынц ахадгæ æмæ пъланон медицинон æххуыс. Уæлдайдæр та – уæззау цаутæ æрцæугæйæ. «Уæрæсейы Президенты фæдзæхстæй национ проект «Дæргъвæтин æмæ сæрæн цард»-ы фæлгæты бæрзондтехнологион медицинон æххуысы центр гом кæнæм», – загъта чиновник.

Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Цæгат Кавказы медицинон бирæфадатджын центр райста бæрзондтехнологион ифтонггæрзтæ. Уыдоны руаджы медицинон æххуысы фадæттæ парахатдæр кæнынц, цæгаткавказæгтæ медицинон æххуысæй разы сты. Центры разамонæг Михаил Сухановы ныхасмæ гæсгæ фарон медицинон кусæндон баххуыс кодта аст мин рынчынæн,



ацы азы авд мæймæ та – æхсæз мин адæймагæн.

Цæгат Кавказы федералон зылды цæрджытæн фадат ис æххæст медицинон æххуыс райсынæн, нал сæ хъæуы, сæ низтæй фервæзыны охыл, æндæр регионтæм цæуын. Медицинон æххуысы бæрц рæзы, Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад центрæн ахъаззаг æххуыс кæны. Кадртæй центр ифтонггонд у, сæ мыздтæ дæр рæзынц. Уæрæсейы Хуссайраг хайы Цæгат Кавказы медицинон бирæфадатджын центр у раззагдæртæй иу. Ацы ран вазыгджындæр дæсгай мин операцитæ кæнынц, центр хорз ифонггонд у. Ныртæккæ дзы сæвæрынмæ хъавынц МРТ-«Тесла»-йы аппарат, уый Цæгат Кавказы медицинон кусæндæтты фыццаг ахæм аппарат у.

Центры разамонæджы хæдивæг **Дзахойты Марат** куыд радзырдта, афтæмæй сæ бон у ахъаззаг медицинон æххуыс дæттын. «Бæрзондтехнологитæ æмæ хъуыддаг раст саразыны фадæттæ æппæтæн дæр баххуыс кæныны бар дæттынц. Рады лæууын нæ хъæуы, коллектив æмзæрдæйæ кусы», – загъта Дзахойы-фырт.

Центр кæй рæзы, уый рынчынтæн дæтты хæрзхъæд медицинон æххуысы фылдæр хуызтæ райсыны фадат. Кæдæмдæр цæуын дæ нал хъæуы, фæлæ сæйрагдæр у медицинон коллектив – мин дохтырæй фылдæр æппынæдзух кусынц æнæниздзинад бахъахъхъæныныл. Сæ æмвæзад рæзы, уый бæрæг дары иумæйаг уавæрыл. Центры анестези æмæ реанимацийы хайады хицау **Дойаты Денис** куыд зæгъы, афтæмæй Ирыстоны цæрджытæ тынг агурынц центры æххуыс, æнæхъæн Цæгат Кавказ дæр – афтæ. «Нæ хъомыс уыйас у, æмæ алкæмæн дæр йæ бон у æххуыс райсын», – фæбæрæг кодта Дойаты Денис.

Алагиры цæрæг **Сергей Иванины** центрмæ 'рбаластой зæрдæйы карз низ – «инфаркт»-имæ. Операци йын скодтой уайтагъд, ныртæккæ йæ уавæр зынгæ хуыздæр у. Разæй йæм æнхъæлмæ кæсы дæргъвæтин реабилитаци. Сергей Иванин разы у медицинон кусджытæй, æппæлы дохтыртæй, медицинон хотæй. Цæгат Кавказы медицинон бирæфадатджын центры ис фынддæс хайады, алы рынчынмæ дæр стыр æргом здахынц. Низ раиртасынмæ кæсынц лæмбынæг æмæ бæрнонæй. Рæдыдтытæ уадзæн нæй.

**ДЗУЦЦАТЫ Мæдинæ**

Адæмон газет

## «Рæстдзинад» – 2026 азы дыккаг æмбисæн




**Кæд уыдис, æмæ газет, национ уæвгæйæ, йæ тиражæй фæсте баззайа? Махмæ та афтæ рауад. Цæмæн? Кæй аххосæй, кæй фыдæй? Газет «Рæстдзинад»-ы кад дæлæмæ цæмæн уадзæм, алкæмæ дæр нæ цавæрдæр фадæттæ ис, хъуамæ сæ пайда кæнæм, рафыссæм æй. Йæ тираж хъуамæ зынгæ фылдæр уа, æмæ нæ уый комкоммæ алкæй хæс дæр у. Хъуамæ уый æмбарæм!**

**Газет адæмон у, уымæ гæсгæ йæ кад адæмæй кæнгæ у. Адæм та ныртæккæ уæззау уавæрты цæрынц, сæ фылдæр газет рафыссынхъом не сты. Хъуамæ сæ цуры чи балæууа, сæ хæдзæрттæм сын «Рæстдзинад» фæхæццæ кæныны хæс йæхимæ чи райса? Нæ бон цы у, уый хъуамæ æмхуызонæй скæнæм. Бавналæм-ма уæдæ нæ уарзон адæмон газет «Рæстдзинад» рафыссынмæ!**

**Посты бастдзинады хайад куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисы фондз мæйæн газет рафыссыны аргъ у 1430 сомы æмæ 97 капеччы. Адæмы льготон къордты минæвæрттæн – 1163 сомы æмæ 80 капеччы.**

**Газет «Рæстдзинад»-ы индекс – 53901.**

***РЕДАКЦИ***

**Дзырды фарн**

***Фынджы уæлхъус хистæр куыд арæхса, кæстæр дæр афтæ.***

*ÆМБИСОНД*

Партион архайд

# Ног Адæмон программæйыл кусынц

**Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы ног Адæмон программæ 2031 азы æмгъуыдмæ куысты пълан сбæлвырд кæндзæн.**



Документмæ бахæсдзысты канд регионтæй æрбафтæг фæндæттæ нæ, фæлæ экспертты уынаффæтæ дæр.

Æхсæнадон иугæндты, паддзахадон куыстуæттæ, федералон уæлдæр ахуыргæнæндæтты æмæ бизнесы разамонджытæ кæм архайдтой, партийы экспертон советы ахæм æмбырды рæстæг ныхас цыд демографи, техникон хæдбардзинад, кæнгæ интеллект, културæ æмæ æгъдæутты фарстатыл.

– Æппæт бæстæйæ партийы ног программон документмæ бафтыд æртæ милуан фæндонæй фылдæр. Бæлвырд уагæй архайгæйæ, хæслæвæрдтæ баххæст кæныны фадат уыдзæн. Паддзахадон Думæйы хæс уыдзæн æмбæлгæ закъæттæ сфидар кæнын, Хицауад та хъуамæ уынаффæты хай рахæсса (бахъуаджы заман – паддзахады разамонæджы бардзырдтæм гæсгæ). «Иугонд Уæрæсе»-йы съезды фыццаг хайы ныхасгæнгæйæ, Уæрæсейы Президент **Владимир Путин** куыд загъта, афтæмæй партийы ног Адæмон программæ хъуамæ дзыллæты фæндæттæ ‘вдиса. Адæмæй æрбафтæг фæндæттæ баиу кæныныл архайæм. Амынд уагæй архайгæйæ, парти йæ иугæнæг хъару равдисдзæн, – загъта «Иугонд Уæрæсе»-йы сæрдар **Дмитрий Медведев**.

Æппæт уæрæсейаг регионтæй Адæмон программæмæ бафтæг фæндæтты фылдæр хай бар дары хæрзхъæд медицинæ, ахуырад, социалон инфраструктурæ æмæ экологон æдасдзинады фарстатæм. Бæстæ кæуыл сæмбæлы, документ уыцы лыггæнинаг фарстатæ амоны. Бинонтæ æмæ фæсивæдæн æххуыс цæмæй фæахадгæдæр уа, уый тыххæй бахастæуыд æххуысы мадзæлттæ фæбæлвырд кæнын æмæ фæсивæдимæ куысты регионалон стандарттæ бацæттæ кæныны фæндон.

Кæнгæ интеллектæй ахуырад æмæ æнæнниздзинад хъахъхъæнынады къабæзты цæмæй нырæй парахатдæрæй пайда кæной, Дмитрий Медведев ахæм фæндоныл сразы. Ныридæгæн чи ис, уыцы иумæйаг инфраструктурæйæ пайдагæнгæйæ, кæнгæ интеллектæй хицæн предмет скъолайы программæмæ цæмæй бахæссой, ныхас уыул цæуы.

– 22 августы чи цæудзæн, ног Адæмон программæ цæттæ кæныны фæдыл куыст партийы съезды уыцы дыккаг хайы заман хъуамæ æххæстгонд æрцæуа. Æрбафтæг фæндæттыл съезды бакусдзыстæм æмæ фæстæдæр документы кæронбæттæн хуыз хъæлæскæнынадмæ рахæсдзыстæм, – загъта Дмитрий Медведев.

«Иугонд Уæрæсе»-йы цæгатирыстойнаг нымæрдар, нæ регионы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** ныхасмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны адæм ног Адæмон программæмæ барвыстой 16 мин фæндонæй фылдæр.

– Нæ регионы адæм партийы Адæмон программæмæ кæй барвыстой, уыцы фæндæттæ бар дарынц горæттæ æмæ хъæутæ аив кæныны, скъолатæ æмæ рæвдауæндæттæ аразыны, адæмæн (уыимæ – сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинойнæгтæн) æххуысы фарстатæм. Цалдæр азы размæ цæгатирыстойнæгтæ кæй бавдыстой, ныридæгæн уыцы фарстатæй бирæтæ лыггонд æрцыдысты, науæд та сыл кусынц. Адæмон программæмæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны бакæнын цы бантыст, уыдæттыл ныхас цыд мартъийы арæзт регионалон æмбырд «Есть результат!»-ы заман, – загъта Сергей Меняйло.

Партийы ног Адæмон программæ арæзт кæмæй уыдзæн, уыцы дыууæ документæй иу æвдисдзæн бæстæйы раз лæууæг лыггæнинаг фарстатæ æмæ фидæны Парламенты барты æмгъуыдмæ партийы куысты пълан, дыккаг документы та ныхас цæудзæн партийы сæйраг идеологион нысантæ æмæ Уæрæсейы стратегион уындыл.

**САНАТЫ Альбинæ**

Нæ цардæй

# Къоста Къостайæ баззайдзæн, Нигер – Нигерæй…

**Ахæм хабар нæй, æмæ уайтагъд йæхицæн фæндаг ма акæна, ма сæмбæла дзыллæты хъустыл. Ноджы, хабархæссæг фæрæзты нымæц куы фегæр, уæд та бынтон. Æмæ мæнæ кæсын, цæвиттон, дам, æрыгон лæппуты къорд изæрыгон сæ хæдзæрттæм фистæгæй фæцæйцыдысты. Хъуыддаг уыд Дзæуджыхъæуы, афтæмæй сæ хъустыл ауад гæдыйы уаст.**

Уайтагъд лæппутæ фæкъæрцхъус сты, аракæс-бакæс кодтой, гæдыйы лæппыны ссардтой доны арф хæтæлы. Цы диссаджы арæхстдзинад равдыстой, лæппыны хæтæлæй стыр зынтимæ куыд сластой, уыдæттæ тынг лæмбынæг фыст æрцыдысты. Кæйфæнды зæрдæ дæр барухс уыдзæн, ахæм хабæрттæ кæсгæйæ. Æрмæст мын фæстагмæ сæ архайд фæхъыг, ном дæр, дам, ма йыл сæвæрдтой. Нигер! Ахæм парахат дунеæмбарынады хицæуттæн сæ зонд, сæ хъуыдыкæнынад кæуылты у! Нигер! Сæ хъуыдымæ гæсгæ, ирон поэт Дзанайты Иваны фæсномыг… Æндæр ном нал разынд…

Æрæджы æрбацæуæг туристтæ Сабырдзинады проспекты Хетæгкаты Къостайы цыртдзæвæны алыварс куыд стыгуыр сты, сæ сывæллоны къамтæ, Къостайы хъæбысы бадгæйæ, куыд истой, уыдæттæ адæмы дисы бафтыдтой. Бæлццæттæй иу – сылгоймаг фæндаггон фистæг цæуджытæй кæйдæр афарста, «а что это за мужик?», зæгъгæ. Ома, æрбацæуæг цæмæй зоны, цыртдзæвæн кæй кадæн конд æрцыд, уыдæттæ. Æрæджы ма нæхæдæг дæр уыцы цыртдзæвæнæй хъазгæ кодтам, нæ фæсивæдæн куыд æнтыст, афтæ дзы сæ къамтæ истой, цыртдзæвæныл бæхбадт кодтой. Адæмы хъæр та кæд кæмæ хъуыст…

Уыдæттæ фæсте азæдысты, мæнæ æвзæр низ куыд уа, раст афтæ. Къоста бирæ тыхстдзинæдтæ бавзæрста йæ царды, йæ амæлæты фæстæ дæр ныббыхсдзæн, æндæр цы загъдæуа… Уыцы æнæхъола фæсивæды бон дæр ын ницы у… Гæдыйы лæппыны Нигер схон, уым уагæры хорздзинадæй цы ис? Цымæ, кæй зæрды ‘рæфтыд уыцы тæхгæ-нæргæ хъуыды, цымæ æппындæр, ахуыргæнгæйæ, ирон литературæйы урокты Нигеры ном никуы фехъуыстой, æви æвзаг афтæ не ‘мбæрстой, æмæ сын уæлдай нæ уыд, Нигер у æви Дзанайты Иван…

Ирон поэт Дзанайты Иван кæд революцийы агъоммæ райгуырд, Нары приходы скъола каст фæцис, уый фæстæ та – Æрыдоны удварны семинар, фæстæдæр – Саратовы университеты историон-филологион факультет, уæддæр йæ зонд уыд æгæрон. Йæ курдиат – бирæвæрсыг, журнал «Фидиуæг»-ы цы критикон, цыргъ æрмæджытæ мыхуыр кодта, уыдоны бын-иу бафыста йæ фæсномыг Нигер. Уæды æмæ ныры ахуыргæндты, поэтты, фысджыты арæхстдзинæдтæ, зондахаст кæрæдзиимæ нæ бардзыстæм…

Кæд æмæ скъолайы Нигеры сфæлдыстад нæ базыдтат, уæд уæ ныр дæр ницæмæн хъæуы, фæлæ цæрæгойты лæппынты нæмттæ фендæрхуызон кæнут. Уæхицæн уыцы зын скæнут, æвæццæгæн, мæнæ цы мадæлон æвзаг нæ уарзут, уыцы урокты кæмдæр айхъуыстат, Нигер, зæгъгæ, ном, кæмдæр уæ зонды ныссагъд, афон ралæууыд, æмæ зонд скуыста. Ралæвæрдта йæ ‘хсæнадмæ. Æгайтма уæ бон у баххуыс кæнын, фæлæ ма-иу уыцы рæстæг уæ цыбыр зонындзинæдтæ дæр скусын кæнут. Мыййаг, цы нæ вæййы…

Къоста Къостайæ баззайдзæн, Нигер – Нигерæй… Уæ бон сын ницы у.

**БУТАТЫ Эльзæ**

Ахуырад

# Гранттæ рамбылдтой

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты студентты дыууæ проекты систы Ногдзинæдтæн ахъазкæнынады фонды «УМНИК-2026» æппæтуæрæсеон конкурсы уæлахиздзаутæ.**





Æппæт бæстæйæ æрыгон иртасджытæ конкурсмæ барвыстой 2400 курдиаты. Иртасынады бæрæггæнæнтæм гæсгæ равзæрстæуыд 250 милуан сомы бæрц 500 проекты.

ЦИПУ-йы æрдзон наукæтæ æмæ технологиты факультеты студент **Танделаты Давид** конкурсмæ барвыста згæйы ныхмæ гальваникон аппликаторыл бакусыны фæдыл проект. Згъæр згæйæ бахизынæн ахъазгæнæг буаргъæд æрмæгмæ бафтауын кæй фæрцы уыдзæн, проект арæзт у ахæм удæнцой фæрæз саразынмæ. Давиды наукон разамонæг у амынд факультеты аспирант **Татраты Ацæмæз.**

Медицинон факультеты студенткæ **Æфсæрæгты Виктория** бацæттæ кодта дурынон æмæ цирконион рацарæзтытæм зилынæн сыгъдæгдзинады сæрмагонд фæрæзтæуадзæн технологион фæткыл бакусыны фæдыл проект. Студенткæйы наукон разамонджытæ сты химион наукæты кандидат, бындурон медицинæйы кафедрæйы доцент **Саламты Наталия** æмæ фармацевтон наукæты кандидат, амынд кафедрæйы разамонæг **Цæрæхаты Ларисæ.**

Алы проект дæр фæйнæ 500 мин сомы кæй райсдзæн, уый фæрцы æрыгон ахуыргæндтæн уыдзæн æмбæлгæ иртæстытæ баххæст кæнын æмæ фидæны ног ерыскæнынхъом дзаумæттæ саразыны фадат.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

Социалон фондæй

# Бинонты фиддон райстой

**Иуæндæс мин цæгатирыстойнаг ныййарæгæй фылдæр райстой бинонты фиддон.**

Социалон æххуысы ног хуыз цы рæстæг архайы, уыцы фыццаг дыууæ мæймæ Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад кусæг ныййарджытæн барвыста 330 милуан сомы. Ныййарджытæ кæй исынц, уыцы æхцайы бæрц алы ныййарæгæн дæр нымайынц хицæнæй, физикон иуæгты æфтиагæн хъалон (ФИÆХЪ) кæмæ гæсгæ нымадтой, амынд æхцайы бæрц аразгæ у ахæм æфтиæгты бæрцæй. Æртындæс кæнæ уымæй фылдæр проценты бæрц хуымæтæджы ставкæмæ гæсгæ кæй бауромынц, уыцы хъалоны бæрц æхсæз проценты бæрц льготон ставкæмæ гæсгæ ногæй банымайынц. Райдиан æмæ кæронбæттæн æхцайы бæрцы ‘хсæн уæлдай æхцатæ ныййарæгæн фæстæмæ раттынц.

– Æстдæс азæй кæстæр æппынкъаддæр дыууæ сывæллонимæ (сывæллæттæ кæд бонæй ахуыр кæнынц, уæд та – дыууын æртæ азæй кæстæр) алы кусæг ныййарæгмæ дæр ис фиддонæн гæххæттытæ саразыны бар. Æнæмæнг æххæстгæнинаг æууæлтæ: курдиат барвитæг ныййарæг æмæ сывæллæттæ хъуамæ уой Уæрæсейы граждæнтæ, ацы бæстæйы хъуамæ иудадзыг цæрой, ныййарджытæ официалон уагæй хъуамæ кусой æмæ фарон хъуамæ ФИÆХЪ бафыстаиккой. Уыимæ, бинойнæгты рæстæмбисон æфтиаджы бæрц фарон регионы цæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты 1,5-хаттон бæрцæй фылдæр хъуамæ ма уа, фарон Цæгат Ирыстоны ацы хæрдзты бæрц уыд 23940 сомы, – зæгъы Социалон фонды республикон хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан**.

Бинонты фиддоны фæдыл курдиæттæ исыны æмгъуыд ахæсдзæн 1 октябры онг. Курдиат барвитæн ис портал «Госуслуги»-йы, Социалон фонды хайады клиентон службæтæ æмæ бирæкъабазджын центры фæрцы. Арæхдæр гæххæттытæ саразынæн бахъæуы æрмæст курдиат, иннæ бæрæггæнæнтæ та бацагурынц ведомствæты ‘хсæн æмгуыстады фæткмæ гæсгæ. Уæлæмхасæн бæрæггæнæнтæ комкоммæ уагæй бавдисын хъæуы æрмæст царды иуæйиу уавæрты, ома, иу кæнæ иннæ хъусынгæнинаг паддзахадон хъусынгæнинæгты системæйы æвдыст куы нæ вæййы, уæд.

17 азæй кæстæр сывæллæттæ æмæ æнхъæлцау сылгоймæгтæн куыд вæййы, афтæ бинонты фиддоны фæдыл бар бæлвырд кæныны заман дæр бинонты финансон æмæ исбонон уавæр нымайынц.

Архайæг фæткмæ гæсгæ, дыууæ кусæг ныййарæгмæ дæр ис бинонты фиддонæн гæххæттытæ саразыны бар. Ацы ныййарджытæ кæрæдзийæ кæд ахицæн сты, уæд ацы æууæл разыйы дзуапп нæ раттынæн æфсоныл нымад нæ уыдзæн. Алиментæй хæстæ кæй нæй, уый ацы уавæры нымад у æнæмæнг æххæстгæнинаг æууæлыл.

Æххуысы амынд мадзал раттынц афæдзы дæргъы иунæг хатт. Ацы мадзалы фæдыл бар æрвылаз бавдисын æмбæлы.

Фæрстытæ уæм кæд баззадысты, уæд уæм ис 8-800-100-00-01 телефонæй Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центрмæ лæвар фæдзурыны бар (УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – 9:00 сахатæй 18:00 сахаты онг, майрæмбоны та – 9:00 сахатæй 16:00 сахаты æмæ 45 минуты онг).

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Коммуналон хæдзарад

# Хъармгæнæн афонмæ

**Дзæуджыхъæуы администрацийы къамисы уæнгтæ горæты бирæфатерон хæдзæртты уæрмыты уавæрмæ цæст дарыны куыст дарддæр æххæст кæнынц, уынаффæйадон компанитæ та хъæндзинæдтæ иуварс кæнынц.**



БИТИТЫ Павел

Цæгат Ирыстоны коммуналон куыстуæттæ хъармгæнæн афонмæ цæттæгæнæн куыст парахатæй æххæст кæнынц. Ныртæккæ хъармæй ифтонггæнæг æмæ уынаффæйадон кусæндæттæ хъармгæнæн афонмæ цæттæдзинады акттыл кусынц.

**Аркъауты Олег** Ватутины уынджы 116-æм хæдзары цæры фæндзай азæй фылдæр (ома, хæдзар куы срæвдз, уыцы заманæй нырмæ). Олег зæгъы:

– Ам куы ‘рцардтæн, уæдæй нырмæ цалдæр уынаффæйадон компанийы кæрæдзийы фæивтой. Æддагон хæтæлтæ нæ хæдзары уæрммæ кæм бахæццæ вæййынц, уыцы ран зæхх уымæл вæййы. Специалисттæ цалдæр хатты кæй аиуварс кодтой, уыцы хъæндзинад ногæй фæзыны. Ацы аипп цæй тыххæй сæвзæры, уый бæлвырдæй нæ зонын, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, уарыны доны аххосæй уымæлад рауайы. Хæдзармæ цæуæг донуадзæн хæтæлтæ ивд никуы ‘рцыдысты. Хæдзар цæуыл лæууы, уыцы бетонон блоктæм уарыны дон бахъары.



– Ацы бирæфатерон хæдзары донуадзæн хæтæлтæм базылдыстæм, дыууæ æлхъывдадон арматурæйы баивтам. Тæвд дон цæуыл цæуы, уыцы хæтæлтæ баныхыл кодтам, æндадзæн куыстытæ баххæст кодтам, – зæгъы горæты муниципалон бюджетон кусæндон «Домоуправление»-йы директор **Бититы Павел**.

Дзæуджыхъæуы бирæфатерон хæдзæрттæ фæззыгон-зымæгон афонмæ куыд цæттæ сты, горæты администрацийы ведомствæты иумæйаг къамис уый бæлвырд кæны. Коммуналон кусæндæтты специалисттæ хæдзæртты сæвзæрæг хъæндзинæдтæ къæпхæнгай иуварс кæнынц. Ныридæгæн горæты æртæсæдæ бирæфатерон хæдзарæй фылдæр хъармгæнæн афоны райдианмæ цæттæ сты.

– 15 сентябрмæ горæты бирæфатерон хæдзæрттæ хъармгæнæн афоны райдианмæ хъуамæ цæттæ уой. Боныхъæды уавæртæ нæ нымайгæйæ, муниципалон кусæндæтты специалисттæ цæрæнуæттæ фæззыгон-зымæгон афонмæ цæттæ кæныны куыст дарддæр æххæст кæнынц, – зæгъы Дзæуджыхъæуы администрацийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады комитеты сæрдар **Бæтæгаты Эльбрус.**

**ЦОРИТЫ Эльвирæ, «Алани»-йы хабæрттæ**

Фæллой

# Мæнæргъы æмæ къабузæджы гагатæ





**Республикæйы Хъæууон хæдзарады ведомствæйы бæрнон кусджытæ бабæрæг кодтой хицæн амалхъом Уæдаты Мæирбеджы куыстадон фæзтæ. Уæдайы-фыртмæ цыппар гектарыл зайынц мæнæргъы æмæ къабузæджы (голубика) бæрзонд технологион хуымтæ.**

Уыимæ, сæ тыллæг дæр бæрзонд рауайы. Гагатæ вæййынц егъау, бæрæг дарынц хæрзадæй, агротехнологитæй раст кæй пайда кæнынц, уый зыны. Куыстадон хъуыддаджы пайда кæнынц къухвæллойæ, уый руаджы гагатæ хъахъхъæд цæуынц. Мæнæ хуымтæй ныртæккæ кæй райстой, уыцы тыллæг хæццæ кæнынц Дзæуджыхъæумæ, цæрджытæн фадат ис экологон æгъдауæй сыгъдæг продукци æлхæнынæн.

Куыстуат æххæст у æмбырдгæнджытæй. Уый дзуры продукцийы хæрзхъæддзинадыл, куысты бынæттæ дæр зæрдæмæдзæугæ сты. Хъæууон хæдзарады ведомствæйы специалистты балц баст у хойраджы æдасдзинады технологион ифтонгадимæ, йæ нысаны ис къабазæн фæахъаз уæвын. Уæдæ, хъæууон хæдзарадмæ инновацитæ фæхæццæ кæнын, аграрон дæснийæдты кадыл бафтауын сты ахъаззаг нысантæ.

Фермерон хæдзарæдтæ хорзырдæм зынынц æлхæнджыты фæрныгадыл, регионы хойраджы ædасдзинад бæрæг дары. Специалисттæ бузныджы ныхæстæ загътой фермерæн, йæ кусджытæн сæ ахадгæ архайды тыххæй.

**Хъæууон хæдзарады министрады пресс-службæ**

Рауагъдад

# Ирыстон æмæ Дагестаны 'хсæн æнусон бастдзинæдтæ

**ЦЫБЫРТЫ Людвигы ног иртасæн куыст «Алания-Осетия и Дагестан»-ы презентаци ацыд Цхинвалы Анахарсисы номыл Республикон национ библиотекæйы. Кадджын мадзалы архайдтой Хуссар Ирыстоны фæсарæйнаг хъуыддæгты министр ДЖИОТЫ Æхсар, Президенты паддзахадон уынаффæгæнæг КОЧИТЫ Константин, Уæрæсейы Федерацийы минæварады уынаффæгæнæг-минæвар Хуссар Ирыстоны республикæйы Денис ФЕДОРОВ, республикæйы раздæры Сæргълæууæг БИБЫЛТЫ Анатоли, наукон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ.**

Уазджытæн æгасцуай загъта библиотекæйы разамонæг **Гуыцмæзты Иннæ** æмæ фæбæрæг кодта, амынд наукон куыстæн цы ахсджиаг нысан ис, уый.

– Ирыстоны иннæ адæмтимæ историон æмæ культурон бастдзинæдтæ фаг иртæстгонд æрцыдысты, фæлæ бирæ рæстæг Ирыстон æмæ Дагестаны 'хсæн бастдзинады тыххæй зонындзинæдтæ къахырæй лæууыдысты. Мæнмæ гæсгæ, Цыбырты Людвиг æнтыстджынæй баххæст кодта уыцы къахыр. Йæ куысты уæлдай ахсджиагдзинад ис уый мидæг, æмæ дзы академион зондахаст æнгом баст у æнцон æмбарынадимæ, – бахахх кодта библиотекæйы директор.







Авторы ныхасмæ гæсгæ, монографи бæлвырдæй æвдисы Ирыстон æмæ Дагестаны республикæты 'хсæн историон æмæ культурон бастдзинæдты рæзт. Фæлæ уыимæ, Цыбырты Людвиг зæгъы, иу наукон куысты ахæм егъау темæйы æппæт фарстатæ раргом кæнæн кæй нæй, уый. Иртасæн куысты æвдыст æрцыд рæстæг раггамантæй ныры онг.

– Чиныг арæзт у дыууæ хайæ. Фыццаг у наукон, уырдæм хауынц скифты, сæрмæтты æмæ аланты рæстæджытæ, ноджы ма дзы ис этнографион æмæ лингвистикон иртæстытæ дæр. Дыккаг хай райдайы 17-æм æнусæй – абоны бонмæ, фыст æрцыд наукон-популярон жанрæй, – фæбæрæг кодта Людвиг.

Автор ма йæ куысты стыр æргом здахы Кавказы адæмыхæттыты 'хсæн ахастдзинæдтæ фидар кæныны хъуыддагмæ.

Йæ куыстæн ын стыр аргъ скодта Кочиты Константин дæр.

– Людвигы куыст æвдисы, сæйрагдæр чи кæмæй цы радавта, уый равдисын нæу, фæлæ Кавказы адæмтæ æнусты дæргъы иумæ цы культурæ арæзтой, уым цы хæстæгдзинад æмæ иумæйагдзинад ис, уый нæ тых кæй у, лæмæгъдзинад нæ, фæлæ, – загъта Кочийы-фырт.

Ноджы ма фæбæрæг кодта, монографи академион рауагъдæн æмæ æхсæнады домæнтæн дзуапп кæй дæтты, уый.

– Людвиг топонимикæ, фольклористикæ, этнографи æмæ историон цаутæн дæтты бæстон анализ. Уыимæ, йæ монографи хуымæтæджы æмбырдгонд нæу, фæлæ цæргæбонты цы зонд æмæ фæлтæрддзинад бамбырд кодта, уый æвдисæн, – бафтыдта ма йæ ныхасыл Кочийы-фырт.

Чиныджы тираж у 500 экземпляры. Цыбырты Людвигы чиныджы презентаци ахсджиаг цау у Хуссар Ирыстоны наукон æмæ æхсæнадон царды.

**(Информацион агентад «Рес»)**

Царды фæзилæнтæ

# Балц – фыдыуæзæгмæ

**Диссаг у, æвæдза, адæймагыл цас фылдæр азтæ фæцæуы, уыйас æй фыдыуæзæг йæхимæ тынгдæр цæмæндæр æлвасы. Мæ царды бонты мæм уыдис, нæ мыггаг кæцæй рацыдысты, Стырмæсыджы хъæу, уый фенын, фæлæ мæм уый каст, æрцæуæн кæмæн нæй, ахæм бæллиц. Уымæн æмæ Дзауы комы уыцы хъæу æнусæй фылдæры размæ федзæрæг.**

Æмæ ныр **Джусойты Алик** æмæ **Маринæйы** руаджы уый мæ къухы бафтыд. Æрæджы иумæ абалц кодтам нæ фыдыуæзæг фенынмæ. Мæ зæрдæ цинæй байдзаг, Къуыдаргомы хъæутыл зилгæйæ, уымæн æмæ сын æз нырмæ хъуыстон æрмæстдæр сæ кой, уыдтон сæ чингуыты, газетты... Мæнæ Хъемулта, Дзалабет, Къобет, Къуайса, Цъон, Хахет, Надарваз, Начъреба, Замтарет, Котанто, Саджилзаз, Хъевселт, Ерцъойы цад... Уыцы рæсугъд æрдзы уындæй, уыцы сыгъдæг уæлдæфæй нал æфсæстыстæм. Алик æрмæст шофыры хæстæ нæ райста йæхимæ, фæлæ дзы басгуыхт диссаджы гид. Куыд рабæрæг, афтæмæй тынг хорз зоны уыцы бынæттæ, сæ истори æмæ сæ махæн дæр амыдта. Фæлæ, стыр хъыгагæн, ацы хъæутæн сæ фылдæр федзæрæг, кæмдæрты ма дзы ис иугай, дыгай хæдзæрттæ.

Æмæ мæнæ, æппынфæстаг, æрлæууыдыстæм нæ фыдæлты къона Стырмæсыджы дæлбазыр. Хъæу схонын æй зæрдæ нал комы, уымæн æмæ дзы хъæууат дæр нал ис, æрмæстдæр ма, кæй ном хаста, уыцы мæсыджы пырх къултæ æмæ иу кæлæддзаг хæдзар. Æгæрыстæмæй, хъæууаты цы астæумæ кæрдæг уыди æмæ дзы цы чысыл цæугæдон уади, уыдон нын мæсыгмæ хæстæг бацæуыны фадат нæ раттой. Æз куыд хъусын, афтæмæй дзы æнусæй фылдæр ничиуал цæры. Фæлæ дзы уæддæр цас хъарм цыди, цас æхсызгондзинад нын лæвæрдта нæ удтæн йæ зæххыл лæууын дæр! Мæ цæстытыл уадысты, ам мæ фыдæлтæ куыд змæлыдысты, куыд цардысты, уыдæттæ. Æмæ та мыл рацыди, нырмæ кæй хъуыстон, уыцы мысинæгты зæй.

Джусойтæ, стæй се 'рвадæлтæ Дзигойтæ æмæ Жажиты равзæрд æмæ историйыл нæ дзурдзынæн абон, фæлæ се 'ппæт дæр равзæрдысты æмæ цардысты Стырмæсыджы хъæуы æмæ алы рæстæджыты ралыгъдысты алы рæттæм. Æрмæст, уым кæд æрцардысты, уый бынтон бæрæг нæу. Тарскæйы хъæукказ Джусойты Леуаны ныхæстæм гæсгæ, 17-æм æнусы кæрон, нæ фыдæл Хъайтмаз йæ фырт Бисолтанимæ фæхыл, уый ралыгъд сæ хæдзарæй, ныххызт Дзедойы комыл æмæ уым Стырмæсыджы æрбынат кодта. Уым бинонтæ скодта, æмæ сын райгуырд фырт Джус, Джусæн — Сио, Сиойæн — Ростом æмæ афтæ дарддæр.

Фæстæдæр, зæхх кæй нæ фаг кодта, уымæ гæсгæ алы рæстæджы алырдæм фæлыгъдысты. Иутæ дзы ралыгъдысты уым хæстæг Арашендамæ, иннæтæ æрцардысты Нагутнийы, Дзалабеты, Дзагъинайы, Чъребайы... Уыцы бынæттæй дæр та бирæ фæлыгъд Къахетмæ, Цæгат Ирыстонмæ. Мæ комкоммæ фыдæлтæ Стырмæсыгæй кæд ралыгъдысты, уый бæлвырд нæ зонын, уыцы цаутæ хорз чи зыдта, уыдонæй абон ничиуал ис. Фæлæ бæлвырд зонын уый, æмæ ма мæ фыдыфыд Разден райгуырдис уым 1860 азы. Уый тыххæй мæ фыдмæ бирæ мысинæгтæ уыд.

Арæх-иу кодта йæ фыдыфыд Писыры æфсымæр Дзанджы кой. Куыд дзырдта, афтæмæй уый райгуырд 1840 азы Стырмæсыджы хъæуы. Бинонтæ никуы скодта, йæхи хуыдта сыгъдæг лæг, царди йе 'фсымæр Писыры зæнæгимæ. Куыд дзырдтой, афтæмæй йæм фæхæццæ Хуыцауы комытæф. Хорз зыдта æрдзы сусæгдзинæдтæ, æмбæрста сырдты, мæргъты æвзаг. Ногбоны æхсæв-иу кæд арв сыгъдæг уыдис, уæд-иу фæкаст стъалыты змæлдмæ æмæ дзы цыдæр хатдзæгтæ кодта. Кæд-иу арв змæст уыд, уæд-иу йæ хуыссæнуат бацагуырдта æмæ-иу, цалынмæ æфсинтæ ногбоны фынг цæттæ кодтой, уæдмæ-иу сахаты бæрц афынæй. Уыцы сахат-иу федта, æнæхъæн аз цы 'рцæудзæн, уый. Алы хатт дæр-иу йæ ныхæстæ разындысты раст.

1933 азы, йæ мæлæты размæ, катайгæнгæйæ дзырдта, хæстæгдæр азты политикон æгъдауæй бирæ адæм кæй фесæфдзæн, æндæр бæстæ нæм кæй æрбабырсдзæн, æмæ уыцы хæсты Советон Цæдис кæй фæуæлахиз уыдзæн, фæлæ бирæ адæм кæй бабын уыдзысты, хæххон хъæутæ кæй федзæрæг уыдзысты... Фæлæ йын йæ ныхæстæ ницæмæ дардтой, зæронды сæнттæ сæ хуыдтой. Фæлæ се 'ппæт дæр æрцыдысты...

Адæмæн æххуысæн райгуырд, æвæццæгæн, Дзангæн йе 'фсымæр Писыры идæдз Гæджион Кати дæр. Йæ сидзæр аст сывæллонæй уæлдай ма цалдæр азы фæкасти йæ рынчын æфсинмæ. Æфсин куы амард, уæд йæхæдæг дæр уæззау рынчын фæцис. Иухатт фыны Катимæ йе 'фсин æрбацыд æмæ йын афтæ зæгъы: «Мæ зынаргъ чындз. Дæу хуызæн рæстуд адæймаг рынчын кæнынмæ æвгъау у. Бирæ мын фæлæггад кодтай, æмæ мын дæ тыхстдзинад мæрдты æнцой нæ дæтты. Рацу-ма, мæ хъæбул, æмæ дын æз дæ низæн хос бацамонон». Уый фæстæ Катийы къухыл ахæцыд æмæ йæ акодта, Стырмæсыджы дон цы суадонæй хастой, уый цурмæ.

Суадоны раз бæрзонд хæмпæлгæрдæджытыл йæ къух ахаста æмæ дзы иумæ бацамыдта: «Ацы кæрдæг бахъуыды кæн. Райсом-иу дзы æртон æмæ-иу сæ рафыц. Бон дзы æртæ хатты нуаз. Дæ уæлион лæггæдтæй дын уый уæддæр бафидон. Æз ма дæ абæрæг кæндзынæн, æрмæст мын мæ амынддзинæдтæ макæмæн схъæр кæн». Æцæгдæр, уыцы кæрдæджытæ Кати ссардта æмæ сæ нуазын райдыдта. Къуырийы бонмæ йæ цыма исчи ивгæ бакодта, афтæ фæци. Сдзæбæх. Уæдæй фæстæмæ дæр Катимæ фыныгъдауæй йе 'фсин арæх цыди. Уый йын амыдта алыхуызон кæрдæджытæ, уидæгтæ, чи дзы цы низæн бæззы, куыд нуазын сæ хъæуы, уыдæттæ.

Фæстаг хатт Катимæ йе 'фсин куы фæзынд, уæд ын бафæдзæхста: «Нырæй фæстæмæ мæн никуыуал фендзынæ, фæлæ дын кæй бацамыдтон, уыдонæй адæмæн лæггад кæн, пайдайыл макуы хъуыды кæн, æмæ дæ цотимæ дæ цард уыдзæн фæрныг. Ацы сусæгдзинад зæгъдзынæ æрмæстдæр, зæры бонты дæ зæрдæмæ æввахсдæр чи уа, уыцы миниуджытæ чи адарддæр кæна, ахæмæн».

Хосгæнæг Катийы кой айхъуыст æнæхъæн комбæстыл. Цыдысты йæм мæгуыр, тыхст адæм. Хос кодта тарнизæн, астмæйæн, ахсæны, тъæнгты, уыргты низтæн, æвæрдта цъæлтæ, æлвæстытæ... Бирæ адæмæн фæхос кодта Кати, фæлæ иу суари дæр никуы никæмæй райста. Фæлæ цух нæ уыд адæмы арфæтæй. Æмæ йыл цæугæ дæр кодтой.

Йæ сидзæртæ никуыуал ницы цух фесты. Сæ фосы дзугтæ сæрвæтты нал цыдысты. Нард кусæрттаг, царв, цыхт, мыд кæй хъуыд, се 'ппæт дæр уыдонмæ цыдысты. Катийæн йæ бирæ зæнæг сæ амæндтæ ссардтой, афтæмæй 105 азмæ амондджынæй фæцард æмæ амард 1935 азы. Йæ мæлæт куы 'рхæстæг, уæд йæхиныл мæры агуырдта, йæ дæсныйад ын чи адарддæр кæна, ахæм, æмæ равзæрста йæ сæрæн, зæрдæргъæвд чындз Хъоцион Аникойы (мæ фыдымад). Уымæн фæамыдта, цыдæриддæр ын йæхицæн амыдтой, уый.

Йе 'фсин Гæджионæй фæсте нæ баззад Хъоцион дæр. Цыдæриддæр ын бацамыдта, уыдон æххæст кодта æнæлазæй. Хъоцион ма уымæй уæлдай кодта операцитæ дæр, ласта дæндæгтæ, фæлæ уæдмæ бинонтæ Стырмæсыгæй алыгъдысты Знауыры районы Нагутнийы хъæумæ, æмæ Хъоцион йæ уыцы миниуджытæ уым адарддæр кодта.

Ныр адæттæ иууылдæр мæ зæрдыл æрлæууыдысты, Стырмæсыджы хъæууаты лæугæйæ. Мæ зæрдæйы цин нал урæдтон, кæй ранымадтон, уыдоны къахвæдтыл кæй цыдтæн, уымæй. Ме 'мбæлццон Алик та, йæ хистæртæй куыд фехъуыста, афтæмæй мæ комкоммæ фыдæл Ростомæн уыд рынчын, уæдæгонд æфсымæр. Ахæм рæстæджы куыд вæййы, афтæ дзы хинджылæг кодтой, сæхи йыл ирхæфстой. Уый тыххæй, йе 'фсымæры сæрыл, Ростом цалдæр адæймаджы барвыста мæрдтæм.

Дарддæр кодтам нæ балц. Стырмæсыджы фæстæ разылдыстæм иннæ уæлдæрамынд хъæутыл æмæ, иннæтæй уæлдай, афæстиат стæм раздæры Арашендайы хъæуы. Иунæг хæдзар йеддæмæ дзы нал ис, уый дæр — не 'рвадæлтæй. Уыцы æнамонд хъæуы ацы фæрныг бинонтæ æвдисæны хуызæнæй баззадысты, æмæ уазæгæн кæддæриддæр сæ дуар у гом. Кæд бинонты хистæр Левæ æгас нал у, уæддæр йæ бинойнаг, бæркадкъух æмæ рæдауарм Хуыбецон йæ къух фынгæн дары уазджытæн. Ацы бинонтæ зæйласты сыгъд уæззæджы цард мынæг кæнын нæ уадзынц æмæ фæрнæйдзаг уæнт.

Мах азылдыстæм уыцы бынæттыл. Уæле нæм къуыбырæй сидзæрхуызæй каст, Джусойты курдиатджын лæппутæ Нафи æмæ Таймураз кæм схъомыл сты, уыцы хæдзар. Арфæйаг хъуыддаг у, амалхъом Хуыгаты Ростислав дзы музей саразынмæ кæй хъавы, уый.

Æппынфæстаг, бацыдыстæм нæ зæйласт мыггаджы иумæйаг уæлмæрдмæ. Æнкъард нывмæ кæсгæйæ, зæрдæ скъуыдтæ кодта. Диссаг уый у, æмæ Стырмæсыгæй ралидзгæйæ, ахæм зæйдзæуæн бынат цæмæ равзæрстой?

Уæд, Къуыдаргомы, Арашендайы хъæуы фондз боны æнæрлæугæйæ фæуарыд мит. 1932 азы 14 февралы хохы фахсæй раскъуыд зæй æмæ фæласта Джусойты хъæубæсты. Уысммæ хæхты фæхстæ быгъдæгæй аззадысты. Хърамула æмæ Джоджорайы цæугæдæттæ баиу сты æмæ туджы пырхæнтæ сæ разæй раластой. Чи дзы фæмард, уыдон уыдысты сæдæйы бæрц, уыдонæй фæндзай — сывæллæттæ. Бирæ бинонтæй дзы змæлæг нал баззад, бынсæфт фесты. Пухайы бинонтæй фæмард 13, Сесейы бинонтæй — 12, Мелитонтæй — 10, Никъалатæй — 8 æмæ афтæ дарддæр. Удæгасæй ма дзы скъахтой 25 адæймаджы.

Фыдбылызæй аирвæзтысты, дард балцы чи уыд, уыдон дæр. 1972 азы 15 февралы Нафи газет «Советон Ирыстон»-ы фыста: «Ерцъойы æфцæгæй коммæ куы акæсай, уæд дæ цæст æрхæцдзæн Хърамулайы рахизфарс уæлбыл иу чысыл уæлмæрдыл. Ам цалдæр балбæласы дæлбазыр ныр цалдæр азы мæрдвынæй кæны Джусойты зæйласт мыггаг. Æз, цагъды уæлдæйттæй иу, ардæм куы 'рбафтын, уæд худаистæй фæзæгъын: рухсаг ут, мæ зынгхуыст æрвадæлтæ...»



Къуыдаргом. Джоджорайы цæугæдон

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй уæдмæ мæ фыдæлтæ Знауыры районы Нагутнийы хъæуы цардысты. Зæй куы рацыд, уæд мæ фыд гуырд нæма уыд, фæлæ-иу йæ фыд Разденты ныхæстæ куыд фæзмыдта, афтæмæй Знауыры цæрæг Джусойтæ се 'рвадæлты сæфтæй сæ сæртæ хойгæ фæцыдысты Нагутнийæ Арашендамæ. Уый фæстæ сын сарæзтой æхсæны хист, скодтой сыл зарæг, фæлæ, хъыгагæн, фесæфт.

Ахæм стыр фыдбæллæхæн абон йæ аххосаг раиртасын зын у. Къуайсайаг Зассеты Болат куыд дзырдта, афтæмæй революцийы фæстæ адæм Хуыцау æмæ дзуæртты ныхмæ кæй рацыдысты, уый сын нæ ныббарста. Йæ хистæртæй куыд фехъуыста, афтæмæй зæйы хæдразмæ уыцы хъæуæй иу фæскомцæдисон кувæндоны бæлас ракалдта, дзуæрттæ нæй, зæгъгæ. Бæлас куыд рафæлдæхт, афтæ дзы зæд ратахт гыццыл сывæллоны хуызы æмæ цæхæркалгæ Рагъы дзуары 'рдæм стахт. Лæппу фыртæссæй лидзæг фæцис хъæумæ æмæ Ныхасы радзырдта хабар. Бæргæ ма акодтой кусарт, хатыр ракуырдтой, фæлæ уыцы изæр бæстæ саудалынг ныцци, æмæ мит фæлдзæгъдæн райдыдта, Къуыдаргом æртæ бонмæ миты бын фæцис, æмæ зæй ратыдта. Ныр йæ амæттæгтæ хуыссынц ам æфсымæрон ингæны.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Болаты хатдзæгтæн бæлвырд бындур нæй. Уыдон сты зæрдаив ныхæстæ. Уымæн æмæ, хъыгагæн, ахæм фыдбылызтæ раджы дæр цыд æмæ ныр дæр. Цагъды уæлдæйттæй ма чи аирвæзт, уыдон уыцы бынат схуыдтой Ногхъæу, фæстæдæр Замтареты хъæуимæ баиу. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæддæр ма цагъдуæлдай хъæуæй рантыст 12 хæстоны, уыдонæй дæр аст баззадысты тохы быдыры. Хъæуы кæд цард фæстæдæр сæндидзыдта, уæддæр дзы нал æрлæууыдысты. 40-50 азты ралыгъдысты уырдыгæй æмæ ныртæккæ сæ фылдæр цæры Цæгат Ирыстоны Тарскæйы хъæуы.

Кæд нæ мыггаджы сæфтыл уæлдай хатт мæ зæрдæ фæрыст, уæддæр мыл базыртæ басагъта, нæ фыдæлты фыццаг къона Стырмæсыг кæй федтон, уый. Сæххæст мæ рагбонты бæллиц. Фыдыуæзæгæн йæ хъæууат дæр зынаргъ у.

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**

Æцæгдзинад

# Ирон бæгæныйы кад...

**«Бæгæны фыцыны хъуыддаг ирæтты культурæйы ахсы ахсджиагдæр бынæттæй иу, афтæмæй ссис адæмы кулинарон аивады хай», – ахæм хатдзæгмæ æрцыд республикæйы зындгонддæр технолог-бæгæныфыцæг ХАЙТЫ Олег.**

Йæхицæн бæгæны фыцыны хъуыддаг æрмæст амалхъомадон архайд нæу, фæлæ ма йæм наукон иртасыны æмæ дæсныйадон цæстæнгасæй дæр акаст. Хайы-фыртмæ ис хи рецептурæ, фæлæ бæгæны фыцыны хъуыддаджы æппæт лыстæг фæзилæнтæ дæр раиртæста. Æрцыд ахæм хатдзæгмæ, æмæ нæ нанатæ бæгæны фыхтой технологон æппæт уагæвæрдтæ хынцгæйæ, уыимæ сæм æрцыдысты фæлварæнтæ дæттæгау.

Хайты Олег куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй æрзылд рагон хæххон хъæутыл, фæфыста æппæт рецепттæ дæр. «Нæ сылгоймæгтæ бæгæны фыхтой технологон æппæт домæнтæм гæсгæ, зыдтой, кæд хъæуы æрлæууын, кæд хъæуы бавналын. Фæлæ ма дзы ис бирæ алыхуызон хицæндзинæдтæ дæр, бæгæны дæр алыхуызон рауайы. Сæ фылдæр пайда кодтой хъæбæрхорæй, кодтой дзы зад. Сæкæрæй нæ пайда кодтой, кæронбæттæны истой æртæ хуызы бæгæны», – зæгъы технолог.

Ныртæккæ ирон бæгæныйыл нымайынц æнæ карз ноztæй нуазинаг, сæкæры хъæстæ, йæ адмæ гæсгæ хæстæг у къуымæл кæнæ коламæ. Рагон ирæттæм бæгæны фыцыны æгъдау кæй уыд, уый бæрæг дары, адæм уыцы рæстæг цы дзырдтæ æмæ ныхæстæй пайда кодтой, уымæй дæр. Ома, æндæр адæмтæй йæ нæ райстой, фæлæ йæ сæхæдæг æрхъуыды кодтой. Ныхæсты бындуры æвæрд сты ирайнаг уидæгтæ.

Фыццагдæр, бæгæныфыцджытæ ирæттæ кæй сты, уый æргомæй 2000 азы загъта Боллоты Таймураз, Хайы-фырт йæхæдæг фарстайы истори куы агуырдта, уæд сбæрæг кодта Боллоты Таймуразы рæстдзинад. «Нæ бæгæныйыл цæуы 2500 азы, аланты истори иртасæг номдзыд Владимир Кузнецов куыд дзырдта, афтæмæй «Нарты кадджытæ»-йы æмбæхст ис нæ адæмы истори. Сатанайы къухы нуазинаг сцæттæ кæнын бафтыд, скодта йæ Уырызмæджы ныхæстæм хъусгæйæ.

Этнографион æмæ лингвистикон бæрæггæнæнтæ куыд æвдисынц, афтæмæй ирæттæ бæгæныйæн кад кодтой, тынг парахат уыд нæ адæммæ. Хайты Олег куыд нымайы, афтæмæй ирон бæгæны дæр хъуамæ йæ кадджын бынат бацахса ирон чъириты цур, хъуамæ сæ банымайой национ бынтыл. Бæгæны фыцын бæрæг дары йæ хуызтæй: чехаг, немыцаг, бельгиаг, америкаг æмæ францаг. Сæ алкæцы дæр бæрæг дары йæ алыхуызон продукттæй, кæцыдæр бæгæны фыцгæйæ хуымæллæгæй пайда кæнын райдыдтой нæ дуджы 7-9-æм æнусты, ома, «Нарты кадджытæ»-йæ зынгæ фæстæдæр.

Нæ зындгонд технолог куыд зæгъы, афтæмæй ирон бæгæныйы хуыз сфидар кæнын хъæуы этнографион æмæ технологон æгъдауæй. Уый тыххæй хъæуынц наукон-технологон куыстытæ. «Мæнæ фыцынц, ома, алы бинонтæ раздæр куыд фыхтой, афтæ нал уайы. Нæ национ традицитæ сæфынц, адæм хъæуты сæ цард ныууагътой, ралыгъдысты горæтмæ. Дуканимæ æнцондæр у бауайын, уым 70-100 сомæй бæгæны алхæнын, фæлæ нуазинагæн йе 'гъдауы мидис кæй сæфы, уый та нæ рох фæцис. Фæзынд нæм «Ирон бæгæны» фыцыны республикон фестиваль. Районтæй æфтынц бæгæны фыцыны



чехæгтæ куыд бакуыстой, мах дæр афтæ хъæуы бацархайын. Сæ фæлтæрддзинад сын раиртасын хъæуы, уый фæстæ сæ фæд-сæ фæд ацæуын», – зæгъы Хайты Олег.

Уыцы фæндагыл ныртæккæ ацæуынвæнд ис гуырдзиаг бæгæныфыцджытæм дæр, хъавынц æй национ бынтыл банымайын. Хайты Олег куыд амоны, афтæмæй кæддæр иу историон гуырæны кастис, гуырдзиæгтæ ирæтты бæгæны фыцынмæ сæхимæ куыд хуыдтой, уый тыххæй хабæрттæ.

Ныртæккæ Ирыстоны бæгæны афтæ арæх нал хуыздæр гæнæнтæ, конкурсон продукцийы хæрзхъæддзинад рæзы.

Хайты Олег куыд зæгъы, афтæмæй нын ахсджиаг у традицитæ бахъахъхъæнын, иннæ фæлтæртæм уыцы хæзнатæ куы нæ адæттæм, уæд уымæй равдисдзыстæм æбæрнондзинад. «Нæ бæгæны уæлдæр æмæ уæлдæр сисыны фадæттæ нырма сæфт нæма 'рцыдысты. Кæд Ирыстонмæ чъиритæ хæрынмæ цæуынц туристтæ, уæд ма сæм бæгæны бануазын дæр бафтауæм», – зæгъы Хайты Олег.

**ТОХСЫРТЫ Хъазыбег**

Спортивон фидиуæг



Уæззау атлетикæ

# Сæ архайд рауад æнтыстджын



**Свердловскы облæсты, горæт Уæллаг Пышмайы 12-16 августы уæззау атлетикæйæ цыдысты Уæрæсейы адæмты спартакиадæйы ерыстæ. Ирыстоны уæззау атлетикæйы скъолайы минæвæрттæн азы сæйраг-дæр ерысты сæ архайд рауад æнтыстджын. Сылгоймæгты ерысты ирон чызджытæ рамбылдтой сыгъзæрин æмæ æвзист майдантæ.**

Сыгъзæрин майданæй хорзæхджын ссис Уæрæсейы сгуыхт тренер Золойты Хъазыбеджы хъомылгæнинаг Гусалты Зæринæ. 69 кг онг уæзы ерыс кæнгæйæ, Зæринæ дыууæ хуызы систа 232 кг (106+126). Йæ фæстæ 2-аг бынат бацахсæг Евгения Гусева (Мæскуыйы облæст) дыууæ хуызы систа 10 кг къаддæр – 222 кг (100+122). Фыццаг бынат рамбулынмæ тырнындта Соттиты Янæ дæр (тренер – Дзгойты Олег). 86 кг онг уæзы Янæ дыууæ хуызы систа 238 кг (108+130) æмæ рацыд 2-аг бынатмæ.

Уæрæсейы æппæты тыхджындæр спортсменты ерысты ахæм хæрзиуджытæ рамбулын у стыр æнтыстдзинадыл нымад.

Ноджы фылдæр бантыст нæ нæлгоймаг æмзæххонтæн. 110 кг онг уæзы Теблойты Сæрмæт (тренер – Золойты Хъазыбег) æнæдызæрдыгæй цыди 1-аг бынат рамбулынмæ, æмæ йын уый бантыст, хорз бæрæггæнæнтæ равдисгæйæ.

Сæрмæт дыууæ хуызы систа 395 кг (183+212). Йæ фæстæ 2-аг бынат бацахсæг Хас-Магомед Балаевæн (Мæхъхъæлы Республикæ) бантыст 383 кг (173+210) сисын.

Нæлгоймæгты ерысты æппæты уæззаудæр уæзы (+110 кг) фыццаг дыууæ бынаты рамбылдтой ирон уæззауæзонтæ.

Наниты Арсен (тренертæ – йæ фыдыфсымæр Руслан æмæ йе 'фсымæр Алан) ерысты фыццаг хуызæй уыцыиу ист 196 кг куы скодта, уæд йæ иннæ ныхмæлæуджытæй зынгæ фæразæй, æмæ йын дыккаг хуызы йæ риуæй 221 кг сысхойын фаг уыдысты 1-аг бынат бацахсынæн. Арсен дыууæ хуызы систа 417 кг (196+221).

Арсены фæстæ 2-аг бынатмæ рацыд Мерденты Арсен (тренертæ – йæ фыд Мерденты Уырызмæг æмæ йæ хо Кристинæ).

Мерденты Арсен ерысты дыккаг хуызæй йæ риуæй сысхуыста æппæты уæззаудæр штангæ 229 кг, дыууæ хуызы та æрæмбырд кодта 409 кг (180-229).

Сæ фæстæ 3-аг бынат бацахста Уæрæсейы чемпион Даниил Вагайцев – 408 кг (183+225).

РЦИ-Аланийы уæззау атлетикæйы иугонд командæйы хистæр тренер Дзбойты Петр нæ спортсменты ахæм бæрæггæнæнтæ банымадта хорз æнтыстыл æмæ зæрдиаг арфæ ракодта куыд нæ фесгуыхæг нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæн, афтæ сæ бацæттæгæнæг тренертæн дæр.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Цымыдисаг хабæрттæ ирæтты тыххæй

# Цард хæсты быдыр нæу

Ацы хабар баззадис стыр нывгæнæг Тугъанты Махарбеджы ныхæстæй.

Уæрæсе æмæ Турчы хæсты иу мæйрухс æхсæв кæмдæр акъоппыты бадтысты ирон хæстонтæ. Тынг сфæлмæцыдысты иу ран æхсæвасадæн кæнынæй. Уæд, дам, сæ иу иннæмæн афтæ зæгъы:

– Аслæнджери, дæ хорзæхæй, ацы боны хуызæн мæйрухсы ам кæдмæ ривæд кæндзыстæм? Ау, ирæттæ нал стæм, æви?! Цом азилæм, афæлгæсæм, кæддæра Турчы паса цы ми кæны?

Гъе æмæ дын сæ командиры æвастæй æнæхъæн взводы бæрцæй ацыдысты сæ бадæн бынатæй иуварс. Иуцасдæр куы ауадысты, уæд кæсынц, æмæ уæртæ Турчы 'рдыгæй æрбацæуы стыр чырæ: бæхтыл, хæргæфстыл. Махуæттæ, зæгъы, айтæ-уйтæ нал фæкодтой, фæлæ фæсвæдтæм фыранчы сæррæтт акодтой æмæ цалдæр ранæй æхсын райдыдтой чырæ ласджыты. Уыдон, æвæццæгæн, фенхъæлдтой, ома уырыссæгты æрхъулайы бахаудтой, æмæ ма цы сæ бон уыд, уымæй лидзæг фесты. Сæ фæллой уым фæуагътой.

Аслæнджериитæ куы базыдтой, туркæгтæ фæлыгъдысты, уæд чырæмæ сæхи байстой. Уæрдæттæ æмæ бричкæтæ семыдзаг уыдысты хæцæнгарз, хæлц, уæлæдарæс, стæй æндæр хæстон æрмæгæй.

– Цæй, ныр цы кæнæм, Аслæнджери? – фæрсы сæ иу – фæллой бирæ байстам, фæлæ ардæм командирты æвастæй рацыдыстæм æмæ?..

– Уæллæй, ацы хайуантæ æмæ хæцæнгæрзтæ, зæгъгæ, Ирыстоны мæ къухы сты, уæд, хъæлæг, базонин, цы кæнын хъæуы, уый,– йæ сины сæрыл хæцгæйæ, дзуапп радта, Аслæнджери кæй хуыдтой, уый.

Боны цъæхтыл хабар бахæццæ кодтой полчъы командирмæ. Уый уыцы æппæт хъæздыг чырæ куы федта, уæд æвæстиатæй Бетъырбухмæ фехъусын кодта, зæгъгæ, тæккæ дысон ме 'фсæдтæ хъазуат тохы знагæй байстой стыр чырæ æд хотыхтæ, æд хæлц, æд дарæс, æд тырысатæ. Афтæмæй булкъонæн къуырийы æмгъуыдмæ инæлары цин радтой.

Хæст куы фæци, уæд уыцы инæлар басидт ирон хæстонтæм æмæ сын афтæ:

– Ирæттæ, хæсты быдыры кад æмæ намыс сымахимæ ссардтон æмæ ныр сабыр царды рæстæджы дæр цæуын сымахмæ, Ирыстонмæ, уе 'хсæн кусын æмæ цæрынмæ.

Зæгъынц, уыцы инæлар, дам, æцæгдæр, кусын æмæ цæрынмæ ссыд Дзæуджыхъæумæ. Цалдæр азы дзы куы фæци, уæд иу бон æрæмбырд кодта йе 'мхæстон ирæтты æмæ, дам, сын афтæ зæгъы: «Æз табу кæнын Хуыцауæн, сымахимæ мын хæсты быдыры фесгуыхынæн фадат чи радта, фæлæ мæ Хуыцау бахизæд сымахæн сабыр царды разамынд дæттынæй. Сымах хъæуа-нæ хъæуа, алы ран дæр æмхиц стут кæрæдзиимæ быцæу кæнынмæ, уый мæнæй цæмæй хуыздæр у, мæ разæй цæмæн ис, зæгъгæ. Удыхъæды ахæм миниуæг хæсты быдыры иттæг хорз у, фæлæ уæ тынг хъыгдары уæ сабыр царды, кæрæдзи размæ цæуын нæ уадзут.

Афтæ мæм кæсы, æмæ уын уæхи паддзахад куы уаид, уæд уæ паддзахыл хъаст кæниккат уырыссаг городовоймæ дæр. Паддзах кæй у, æрмæстдæр уый тыххæй. Уымæн æмæ уæ алчидæр йæ бынатмæ тырнид. Сабыр дуджы та афтæ хъуамæ ма уаі – цард хæсты быдыр нæу. Разæй дæр дзы фесгуыхæн ис æмæ фæсте дæр».

**ЦГЪОЙТЫ Хазбийы, чиныг «Фыдæлты мæсыг»-æй**

Иртасæнтæ

# Чехаг нæ, фæлæ алайнаг!



**Мария Ясыняйы дадзинты алайнаг туг кæй уыдис, уый сбæрæг. Ацы фарстамæ се 'ргом аздæхтой уæрæсейаг ахуыргæндтæ – уыдон дыууæ версийы иртæстой – алайнаг æмæ чехаг, æмæ æрцыдысты иу хъуыдымæ – Мария Ясыня уыдис алайнаг.**

**Иртасæнтæ сарæзтой, горæт Владимиры цы стæгдар ссардтой, уымæн. Генетикон анализ ын скодтой, зындгонд ын чи у, уыцы хæстæджыты мæрдты буары хуызæгтимæ абаргæйæйæ.**

**Уæрæсейы наукæты академийы биотехнологийы федералон информацион центры кæстæр наукон кусæг Кристина Жур куыд фехъусын кодта, афтæмæй, цы бæрæггæнæнтæ райстой, уыдон равдыстой, æхсин æнæдызæрдыг алайнаг кæй уыдис.**

**Иртасæн куыстæн ма ис стыр ахадындзинад Рюриковичты мыггаджы равзæрд дарддæр сбæлвырд кæнынæн – цы хуызæгтæ райстой, уыдон фæпайда уыдзысты сæ хæстæгдзинады тæгтæ базонынæн.**

**Нæ уацхæссæг**

Радон номыр

# «Ногдзау» мыхуыр кæны




**Мыхуырæй рацыд журнал «Ногдзау»-ы ацы азы цыппæрæм номыр.**

**Калоты Хазбийы райгуырдыл сæххæст 105 азы. Уый тыххæй хæстон поэтæн журналы фыццаг фарсыл мыхуыргонд æрцыд йæ цыбыр биографи æмæ сфæлдыстады тыххæй зонинæгтæ. Мыхуыргонд æрцыдысты поэты æмдзæвгæтæ дæр.**

**Журналкæсджытæ зæрдиагæй бакæсдзысты Беслæны 7-æм скъолайы ахуыргæнинаг Гуыцмæзты Мараты аргъау «Сыгъзæрин кæсаджы аргъау», Черчесты-Дзуццаты Зæлинæйы аргъау «Æгоммæгæс нæ дæн».**

**Нывгæнæг Челæхсаты Эммæйы юбилеймæ журналы сты йæ нывтæ.**

**Сывæллæттæ зæрдиагæй бакæсдзысты, Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы ахуыргæнинаг Бырнацты Арсены эссе «Сæрд хæхты».**

**Хохойты Энверыл сæххæст 70 азы. Журналы мыхуыргонд æрцыд йе 'мбисонд «Мæргъты куывд».**

**Сывæллæттæ бацин кæндзысты Малиты Фатимæйы æмдзæвгæтыл.**

**Журнал хъæздыг у базон-базонтæ, æмбисæндтæй, ис дзы скан-ворд æмæ дзырдбыд дæр.**

**Бакæсæн ма дзы ис æндæр цымыдисаг æрмæджытæ.**

**Журнал саив кодтой нывгæнджытæ: Сæбанты Ирбег, Берозты-Дзукъаты Алинæ æмæ æндæртæ.**

**АБАЙТЫ Эдуард**

Цæстдард

# Тæрхон нæ аивтой

**Стыр бæрцæй наркотикон фæрæзтæ æнæзакъонæй ауæй кæнынмæ бахъавыны тыххæй тæрхон кæмæн скодтой, Цæгат Ирыстоны Сæйраг тæрхондоны уголовон хъуыддæгты фæдыл тæрхонадоны коллеги ахæм бынæттон 21-аздзыд чызгæн Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондоны хаст тæрхон æнæ ивддзинадæй ныууагъта.**

Тæрхон кæмæн скодтой, амæйразмæ Советон районы тæрхондон уыцы чызджы банымадта Уголовон кодексы 30-æм статьяйы 3-æм хайы æмæ 228.1-æм статьяйы 4-æм хайы пункт «г»-йы амынд фыдракæнд саразынæй аххосджыныл. Тæрхонадон æмбырды рæстæг куыд бавдыстæуыд, афтæмæй, тæрхон кæмæн скодтой, фарон сентябры уыцы чызг наркотиктæ æнæзакъонæй ауæй кæнынмæ бахъавыд, фæлæ барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ чызджы закъонхалæг архайдæн кæрон сæвæрдтой.

Фыццаг къæпхæны тæрхондон закъон фехалынæй аххосджын чызгæн рахаста 7 азы дæргъы иумæйаг фæткы ахæстоны фæбадыны тæрхон. Тæрхондоны уынаффæйыл не сразы уæвгæйæ, адвокаттæ йыл апелляцион хъаст барвыстой.

Тæрхондон раст тæрхон рахаста, зæгъгæ, прокуроры ахæм хъуыды нымайгæйæ, апелляцион къæпхæны тæрхондон апелляцион хъастæн разыйы дзуапп нæ радта.

Тæрхондоны уынаффæ йæ закъонон тыхы бацыд.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Инвентаризация плодового сада! Профессиональный садовод, после визуальной оценки сада, срубит старые, выработавшие свой ресурс плодовые деревья. Работаю по принципу «Как себе!» Тел.: 8-928 856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**



Номыры радхæссæг редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацииты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацииты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2408. Заказ № 893. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**